

 <p>Inivèsite Vodou Ayisyen INIVA</p>	<p>INIVESITE VODOU AYISYEN INIVA Rte Bassin, Morne Blanc Gonaives, Artibonite Haiti Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org</p>
--	--

Apran n pirifye tèt ou, apran n retire. apran n voye jete, tout move enèji ki antoure w ouswa ki sou wou, se yon gwo pouvwa esprityèl , ke w kapab metrize.

Paseke nan lavi s yon moun toujou konfronte eneji negatif, move vibrasyon, move nouvel ak antagonist sou tout fòm.

Fòk ou kapab, libere w, degaje w, voye jete tout negativite ki anpeche w evolye, ki ap trennen w dèyè.



Ou se yon nanm ki dan yon kò fizik, nanm la genyen plen kapasite pou l kenbe enèji l nan yon nivo pozitif ki bon pou li ki pa destriktif pou li.

Se reponsabilite lòm pou li kapab kenbe ekilib esprityèl ak moral li ...

pou li genyen yon konpòtman sosyal ki amonize ak environman l



Lòm genyen pouvwa pou li kapab sèvi ak flame limyè etènel ki an dedan l pou li kapab ekate tout negativite, tout move lè, tout move panse, tout move santiman, tout enèji negatif ki ap anpeche l evolye

Enstriman prensipal ke lòm genyen, pou pèmèt li, degaje yon enèji, rasanble yon fòs espirityèl pou ekate tout negativite tankou pou simen negativite .

Se Men l

Se ak men li, ki kòdone pa tèt li,

ki makònen ak santiman, ki nan kè l

ke lòm kapab monte yon sistèm pirifikasyon pou tèt li ak environman l

Ou dwe kapab rasanble tout enèji ki an dedan w, tankou yon boul dife nan pla men w.

Se yon teknik li ye ke tout moun kapab apran n, kapab apran n aplike pou kreye yon zòn tanpon ki antoure l ki npeche negativite anvayi l.

Nan video ki enkli nan leson sila, mwen pral apran n ou teknik pou w ka rive pirifye w, rapidman, tout kote ke w ye,

Pou w rive kapab pirifye tout environman, rive, bone environman w.

[Videp Technique Purification](#)

[Video Details Technique Purification](#)